


Istwa sa a soti nan Bib la. (Matye 8, Mak 5)



An deyò vil la, moun peyi
Gadara yo te konn antere
moun mouri nan kav ke yo
fouye nan twou wòch sou ti
mòn yo, kote ki fè frèt epi ki
gen anpil wòch .

Ou ka sezi tandè sa, men
tout bon vre, te gen de
mesye ki te abite nan kote
fè nwa sa a ,pou kont yo!
Moun la vil Gadara yo te vle
pou mesye sa yo rete deyò
vil la, byen lwen tout moun.
Moun la vil yo te pè mesye yo
anpil. Poukisa?



Demon yo te kontwole mesye
sa yol Ay!
Anpil move lespri tèrib tap
viv nan kò de mesye yo.
Sa tèrib anpill!
Se pa ti doulè ak soufrans
mesye sa yo te pase chak jou
san Bondye!



Yon bon jou Jezi, Pitit
Bondye a, te vizite zòn nan!
De mesye ki te plen ak move
lespri yo, pran lari al
rankontre Jezi.
Jezi te konnen jan yo tap
soufri anpil paske yo te mare
anba chèn move lespri.
Ki sa Jezi te fè?



Move lespri yo te pè Jezi
anpil. Yo te konnen Jezi te
gen Tout Pouwva sou yo!

Yo pran rele nan pye l' ,

"Èske ou vin isit la pou voye
nou nan lanfè anvan lè nou
rive?" epi yo di Jezi "Tanpri
voye nou nan bann kochon sa
yo".

Jezi tedi yo: "Ale !"